



## Gid Referans Ajans pou Jenn Timoun ak Andikap



# PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.



## Pou Kimoun Head Start (Avans) ye?

### Timoun

Head Start / Early Head Start se plezi ak edikasyon. Li bay tibebe, timoun piti ak timoun nan lekòl preskolè yon chans pou amelyore konpetans yo ak amelyore kijan yo wè tèt yo. Timoun yo jwenn opòtinite pou yo eksplor, fè eksperyans ak dekouvi nouvo lide enteresan. Head Start / Early Head Start ede timoun yo grandi sou plan sosyal, emosyonèl, ak kognitif pandan y ap fè nouvo zanmi ak aprann yo pou yo apresye diferans ki genyen ant yo. **Nou akeyi sitou timoun ak andikap yo.** Nou ofri sèvis edikasyon espesyal nan yon klas kote tout moun patisipe. Yo ajoute objektif yon Plan Sèvis pou Fanmi Endividiyèl (Individual Family Service Plan, IFSP) oswa Plan Edikasyon Endividiyèl (Individual Education Plan, IEP) yon timoun nan eksperyans edikasyon Head Start timoun nan. ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun fyè pou klas yo kote tout moun patisipe pou tout timoun ki enskri ak yon bezwen edikasyon espesyal resewva bon kalite sèvis nan anviwònman ki gen mwens restriksyon posib la. ABCD Head Start bay sèvis pou plis pase 200 timoun ak andikap toupatou nan Boston, Malden ak Everett.

### Paran

Paran yo se enflyians ki pi enpòtan nan devlopman yon timoun. Paran ak pwofesè yo travay ansanm pou planifye objektif akademik pou pitit yo. Yon pati esansyèl nan pwogram nou an se patisipasyon paran yo nan planifikasyon pwogram yo ak operasyon aktivite yo. **Anpil paran sèvi kòm manm Konsèy Politik Paran ak / oswa komite paran pou pwogram lokal yo,** kote yo gen yon vwa nan planifikasyon pwogram yo. Epi tou paran yo ofri tèt yo kòm benevòl nan salklas yo, nan lakou rekreyasyon an, ak pandan lè pou manje ak plis toujou. Paran yo resewva preferans pou travay nan Head Start pou opòtinite travay yo kalifye pou yo. Atravè patisipasyon nan klas ak atelye sou devlopman timoun ak atravè vizit manm pèsònèl nan kay la, paran yo aprann sou bezwen timoun yo ak sou aktivite edikasyon yo ka fè lakay la.



## Enfòmasyon sou ABCD

Yon òganizasyon sèvis sosyal nan Massachusetts ki pa la pou fè pwofi, ABCD bay moun revni ba k ap viv nan zòn Boston ak Mystic Valley yo zouti, sipò, ak resous yo bezwen pou soti nan pòvrete pou yo vin kanpe sou de pye yo, epi soti sou de pye yo pou yo ka reyisi nan lavi yo. Chak ane, nou sèvi plis pase 100,000 endividé, moun aje, ak fanmi ak plizyè sèvis inovatif ansam ak pwogram sèvis ki la lontan epi nou gen prèv yo maché. Depi plis pase 50 tan, ABCD gen rasin li fon nan chak katye nou sèvi, kote nou bay endividé ak fanmi yo jarèt ak kore yo nan demach pou yo viv ak diyite ak reyalite tout potansyèl yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou [bostonabcd.org](http://bostonabcd.org).

### Kowòdonatè Sante Mantal / Andikap

**Dorothy Gaeta**

Dorothy.Gaeta@bostonabcd.org

**Telefòn:** 617.348.6316

**Faks:** 617.695.3781

178 Tremont Street, Boston, MA 02111



# **Kimoun ki kalifye pou Head Start / Early Head Start?**

Nan Boston, pwogram nan sant ABCD Head Start & Early Head Start yo sèvi timoun depi yo gen kat (4) mwa jiskaske yo gen senk (5) kan k ap viv nan vil la epi ki satisfè kondisyon sou revni pou kalifye yo. Epi tou, ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun yo opere nan Malden ak Everett pou timoun ant twa (3) zan ak senk (5) kan k ap viv nan kominate Malden, Medford, Everett, Stoneham, Melrose, Reading, Wakefield, North Reading ak Winchester epi ki satisfè kondisyon sou revni pou kalifye yo. Antanke yon pwogram ki aksepte tout timoun, ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun yo enskri tibebe, timoun pitit, ak timoun nan lekòl preskolè ak andikap nan klas entegre Head Start ak Early Head Start li yo.

## ***Ki moun ki refere timoun ak andikap Head Start / Early Head Start?***

Paran yo, pwogram entèvansyon bonè, sant sante nan katye yo, lopital, klinik, Depatman Timoun ak Fanmi ak lòt founisè sèvis yo ka fè referans.

## ***Kijan yo kòmanse ak pwosesis pou referans la?***

Reprezantan ajans lan dwe kontakte Kowòdonatè Sante Mantal / Andikap nan Head Start / Early Head Start Ianan Biwo Santral la. Kowòdonatè a ap mande enfòmasyon sou bezwen timoun ak fanmi an pou li ka fè yon evalyasyon inisyal pou sèvis ki disponib nan pwogram Head Start / Early Head Start la. Si Head Start / Early Head Start ka ofri plasman potansyèl pou timoun lan, Kòdonatè a Biwo Santral la ap bay enfòmasyon sou manm pèsònèl ki apwopriye nan pwogram Head Start / Early Head Start la epi li pral enfòme sant referans la pou yo ka kòmanse pwosesis aplikasyon an.

# Ki sèvis yo ofri pou timoun ki gen andikap?

- Chak timoun jwenn plizyè kalite eksperyans pou aprann ki ede yo grandi sou plan entelektyèl, sosyal, ak emosyonèl. Timoun yo patisipe nan jwe andedan ak deyò epi yo prezante yo konsèp nan mo ak chif. Yo ankouraje yo eksprime sa yo santi epi yo devlope konfyans nan tèt yo ak kapasite antann yo ak lòt moun.
- Gen yon pwogram akademik ki fèt pou satisfè bezwen endividyèl timoun nan.
- Chak pwogram gen yon Espesyalis Sipò Entèvansyon ki bay pwofesè salklas la konsiltasyon, edikasyon ak sipò paran, kowòdinasyon nan sèvis BPS ak El, ak rekòmandasyon pou evalyasyon jan sa apwopriye.
- Yon priyорite nan ABCD Head Start se etabli swen medikal ak swen pou dan. Nou bay tout timoun Head Start yo sèvis prevansyon pou dan sou sit la. Timoun yo resevwa ekzamen zòrèy, zye ak nitrisyon ak referans apwopriye ak resous yo ofri bay fanmi yo lè sa nesesè.
- Lè repa se yon lòt lè pou aprann kote yo montre modèl lang, konsèsasyon, entèraksyon sosyal, ak entwodwi nouvo manje. Meni an entegre dènye rechèch sou nitrisyon pou nou ka ofri manje ki pi bon pou santi posib pou fanmi yo. ABCD Head Start travay ak tout fanmi yo pou asire nou bay bezwen kiltirèl yo valè epi nou adapte rejim alimantè espesyal yo.
- Yon pwofesyonèl sante mantal disponib pou chak pwogram Head Start pou bay sèvis sante mantal pou timoun yo ak fanmi yo. Gen fòmasyon ak sipò ki kontinye regilyèman pou asire ABCD Head Start bay anviwònman klas ki gen bon kalite epi ki ankouraje siksè, sekirite, ak byennèt pou chak timoun. Gen opòtinite disponib pou paran yo vin patnè nan pwogram edikasyon pitit yo.

# Pwosesis Aplikasyon

## Aplikasyon

Paran yo dwe ranpli yon aplikasyon nan pwogram Head Start / Early Head Start la avèk yon espesyalis ERSEA (Enskripsyon). Yo pral mande w pou bay dokiman pou verifye si ou kalifye. Dokiman ki obligatwa yo ap gen ladan dokiman pou verifye laj timoun nan (sètifikasi batistè, paspò, dosye lopital oswa sètifikasi batèm). Prèv kote ou rete (bòdwo sèvis publik, kontra lwave, resi lwave, deklarasyon ki soti nan abri, etadkont kat kredi, etadkont labank) ak prèv revni fanmi an (fòm taks sou revni, chèk peman, lèt TANF, lèt SSI. Reklamasyon Konpansasyon Travayè, akò pou panson alimantè oswa sipò timoun)

## Dosye timoun nan

Pou asire enskripsyon ak plasman ki apwopriye yo fèt, ajans ki refere yo ta dwe voye tout enfòmasyon enpòtan sou timoun nan ak fanmi an bay Espesyalis Sipò Entèvansyon ABCD an avan, oswa pandan pwosesis aplikasyon an.

## Sèvis Sipò

Ajans ki refere timoun nan ak Espesyalis Sipò Entèvansyon an ap kolabore pou asire tout sèvis sipò ki nesesè yo kowòdone avèk pwogram Head Start / Early Head Start la.

## Lòt Sèvis

Jan sa apwopriye, Espesyalis Sipò Entèvansyon an (Kowòdonatè Sante Mantal/Andikap la) ap fè aranjman pou ajans ki refere a ak / oswa paran yo ale nan sant Head Start / Early Head Start lan. Answit, yo ka fè aranjman pou vizite timoun lan nan pwogram li ye nan moman an, ak / oswa ale nan reyinyon kalifikasyon BPS / Reyinyon IFSP yo.

## Pwosesis Enskripsyon an

Espesyalis Sipò Entèvansyon an ap sèvi kòm yon reprezantan pou timoun an pandan tout pwosesis enskripsyon an. Yo pral pataje tout enfòmasyon enpòtan sou bezwen timoun nan ak lòt manm pèsonèl ki patisce nan pwosesis admisyón an. ABCD Head Start & Sèvis pou Timoun pral di paran an si yo aksepte timoun lan, si li nan yon lis datant, oswa si pwogram lan pa ka satisfè bezwen timoun nan.

Si yo aksepte yon timoun, Espesyalis Sipò Entèvansyon an ak lòt manm pèsonèl ABCD yo ap kontinye ede fanmi an pou sanble tout dokiman ki nesesè, tankou pou jwenn kopi IEP / IFSP timoun nan ak dokiman medikal nesesè pou sètifikasi medikal.

## Pwosesis Tranzisyon an

Si yo aksepte timoun lan, Espesyalis Sipò Entèvansyon an ak / oswa lòt manm pèsonèl pwogram ABCD ap kominike avèk ajans ki refere li a pou planifye tranzisyon an.



# **PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.**

**Yvette Rodriguez**  
*Vis Prezidan,*  
*ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun*

***Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:***  
**Kowòdonatè Sante Mantal / Andikap**  
**Dorothy Gaeta**  
**Dorothy.Gaeta@bostonabcd.org**  
**Telefòn:** 617.348.6316  
**Faks:** 617.695.3781  
178 Tremont Street, Boston, MA 02111



Head Start & Children's Services

**ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun se yon pwogram Action for Boston  
Community Development (Aksyon pou Developman Kominote nan Boston)**  
178 Tremont Street • Boston, MA 02111 • 617.348.6000 • bostonabcd.org